दिन– मंगलवार                                                                 दिनांक–08.07.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                    अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार सरकारी नौकरी मे महिला सभक लेल डोमिसाइल नीति लागू कऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसकक बाद विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे सरकारक एहि निर्णयक बाद राज्य सरकार नौकरी सभ मे मात्र बिहारक महिला लोकनि के पैंतीस प्रतिशत आरक्षणक लाभ भेटत। बिहार सँ बाहर के महिला सभ सामान्य श्रेणी मे औतीह। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे राज्य मंत्रिमंडल युवा आयोगक गठन के मंजूरी देलक अछि। आयोग मे एक अध्यक्ष, दू उपाध्यक्ष सहित सात सदस्य होयताह। ओ जनौलनि जे आयोग राज्यक युवा सभ के बेसी सँ बेसी रोजगार उपलब्ध करायब, प्रशिक्षित करब आ सशक्त आओर सक्षम बनेबा मे मददि करत। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे राज्य सरकार दिव्यांगजन सिविल सेवा प्रोत्साहन योजना के सेहो स्वीकृति देलक अछि। एकर अंतर्गत यूपीएससी प्रारंभिक परीक्षा उत्तीर्ण करयवला दिव्यांग अभ्यर्थी सभ के एक लाख टाका आ बीपीएससी प्रारंभिक परीक्षा उत्तीर्ण करयवला दिव्यांग अभ्यर्थी सभ के पचास हजार टाका प्रोत्साहन राशि प्रदान कयल जायत। एकर अतिरिक्त मंत्रिमंडल कम वर्षाक स्थिति मे कृषि कार्यक लेल डीजल अनुदान योजनाक अंतर्गत एक सय करोड़ टाकाक मंजूरी देलक अछि। मोट अनाजक उत्पादन के बढ़ावा देबाक लेल चालू वित्तीय वर्ष मे मिलेट्स योजनाक अंतर्गत छियालीस करोड़ पचहत्तरि लाख टाका आवंटित कयल गेल अछि।

---

उद्योगपति गोपाल खेमका हत्याकांड मामिला मे पुलिस मुख्य आरोपी अशोक साह के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे अशोक साव कारोबारक विवाद मे गोपाल खेमका के हत्या करौने छल। ओ लगभग डेढ़ मास पहिने हत्याक षडयंत्र रचने छल। पुलिस महानिदेशक जनौलनि जे हत्याकांड मे सम्मिलित एक शूटर उमेश यादव के सेहो गिरफ्तार कयल गेल अछि। ओ चारि लाख टाका लऽकऽ हत्याकांड के घटित कयने छल। श्री कुमार जनौलनि जे हत्याक

लेल हथियार उपलब्ध करबयवला विकास कुमार नामक युवक के पुलिस मुठभेड़ मे मारि खसौलक अछि। विकासक गिरफ्तारीक लेल पुलिस पटनाक मालसलामी इलाका मे पहुँचल छल एहि दरमियान विकास पुलिस पर गोली चला देलक। पुलिसक जबावी कार्रवाई मे विकास मारल गेल। पुलिस महानिदेशक जनौलनि जे घटना मे प्रयुक्त मोटरसाइकिल, दू पिस्तौल, दू मैग्जीन, सत्तासी राउंड कारतूस, आ दस लाख टाका सँ बेसीक राशि आ जमीनक दस्तावेज सेहो जब्त कयल गेल अछि।

———————————————————————

पूर्णियां जिलाक टेटगामा गाम मे एक्कहि परिवारक पाँच लोकनिक हत्याक मामिला मे पुलिस तीन लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। पूर्णियां प्रक्षेत्रक आईजी प्रमोद कुमार जनौलनि जे एहि मामिलाक जाँचक लेल एसआईटीक गठन कयल गेल अछि। तेईस नामजद आ एक सय पचास अज्ञात लोक सभक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज कयल गेल। ओ जनौलनि जे आन आरोपी सभक गिरफ्तारीक लेल छापामारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

कटिहार मे एक धार्मिक जुलूसक दरमियान भेल हिंसक झड़प के मामिला मे चारि प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक वैभव शर्मा जनौलनि जे अड़तालीस लोक सभ के नामजद आ दो सय अज्ञात लोक सभक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज भेल अछि। ओ जनौलनि जे शहर मे शांति व्यवस्था कायम अछि।

———————————————————————

मुंगेर जिलाक हवेली खड़गपुर थाना क्षेत्रक राजासराय गाम लऽग जंगली आ पहाड़ी इलाका मे नक्सली आ एसटीएफ के मध्य मुठभेड़ भऽ गेल। मुठभेड़ मे ईनामी नक्सली सुरेश कोड़ा घायल भेल अछि मुदा ओ भागए मे सफल रहल। इलाका मे सर्च ऑपरेशन लगातार जारी अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान एसआईआर जारी अछि। एखन धरि लगभग दू करोड़ अट्ठासी लाख गणना प्रपत्र जमा कयल गेल अछि। चुनाव आयोग स्पष्ट कयलक जे एक अगस्त कऽ जारी होबऽवला मतदाता सूचीक प्रारूप मे ओही व्यक्तिक नाम होयत जिनकर गणना फार्म प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————————

उत्तर आ दक्षिण बिहार के जोड़यवला राजेन्द्र सेतुक सड़क मार्ग पर निर्माण काजक कारणे आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि सभ वाहनक अवागमन प्रतिबंधित रहत। मात्र एम्बुलेंस आ आवश्यक सेवा सभ सँ जुड़ल वाहन आबि–जा सकत। एहि संबंध मे पटना आ बेगूसराय जिला प्रशासन आदेश जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।